

Pèsan pa vle viv ak rat.

Vil la Somerville pran kontwol rat yo seryezman epi genyen plizyè pwogram ak inisyativ an plas pou frennen tout rat.

Men nou bezwen èd ou. Brochi sa ofri konsèy pou anpeche rat nan pwòp pwopwiyetè nou ak nan vwazinaj nou.

### POU PLIS ENFÒMASYON

Ou gen kesyon pou pwogram nan oswa ou bezwen plis konsèy sou prevansyon sou rat? Vizite:  
[SomervilleMA.gov/RodentControl](http://SomervilleMA.gov/RodentControl)

### RAPOTE TOUT SIY RAT NAN 311

617-666-3311 si w gen pòtab oswa sèlfòn oswa si w deyò de Somerville oubyen email nou nan:  
[311UPDATES@SOMERVILLEMA.GOV](mailto:311UPDATES@SOMERVILLEMA.GOV)

[SomervilleMA.gov/RodentControl](http://SomervilleMA.gov/RodentControl)



# ANPECHE RAT FÈ DEGA NAN PWOPWIYETE W LA




# 1. CHACHE PRÈV NAN



- Twou ki kreze
- Krot (sitou sa ki tou prè fatra)
- Twou òswa mak rat manje

*Rat bezwen sèlman 1 oz manje pa jou pou viv*



*Rat sotì chak swa. Itilize yon flash pou ka wè ki kote yo prale epi cheke twou ki kreze yo lajounen.*

# 2. NETWAYAJ

- Retire krot epi netwaye plas la. Rat itilize sant pou kominike.
- Dechè bèt yo dwe netwaye
- Debarase de ankombreman kòm pil bwa ak jounal etc
- Pa stoke bagay kont mi yo oswa atè
- Kontwole kwasans move zèb ak bwison



*Travay ak vwazen w pou ka netwaye pwopwiyetè yo ansanm konsa rat yo pap gen kote pou ale*

# 3. FÈ YO GRANGO

- **Jere fatra yo:** Mete doum fatra yo deyò kèk minit avan yo vin ranmase yo. Kontakte DPW pou achteyon nouvo doum si tout fwa paw la ta domaje epi pou evite peye yon amand.
- **Retire tout Sous Manje:** Pa kite okenn manje pou bèt domestik oswa gallon dlo vid. Gren pou zwazo dwe sipoze nan manjwa zwazo sèlman epi konsève yo nan yon kontni ki an ekirite. Doum ki gen fatra dwe sipoze pa an kontak ak sòl la epi pou l pa gen twou pou rat antre. (Ou kapab achte yo nan DPW).

# 4. FEMEN YO DEYÒ

- Femen fisi ak ti twou avèk caulk.
- Ranpli twou ki kreze yo avèk tè ki di.
- Femen tout ti twou nan pòt ak balayaj pou pòt.
- Mete vit nan van yo epi ranplase oswa repare vit ki andomaje yo.
- Kouvri twou ki laj ak tou an metal epi seal ak siman.

*Rat kapab pase nan fisi ak twou ki piti tankou ½ mè*



*Ekstèminasyon se yon job pou lisansye pwofesyonèl ki kontwole ensèk nwizib (toujou mande pou sa Ki gen lisans pou eta MA la)*

# 5. DETWI YO

- Amboche yon ekstèminatè lisansye oswa mete pyèj yo an sekirite pou tèt ou (Konsèy ak sekirite disponib nan [www.EPA.gov/rodenticides](http://www.EPA.gov/rodenticides)).
- Kontakte 311 pou ka jwenn si w elijib pou Pwogran nan ki se City's Residential Rodent Control Assistance Program.
- Rapòte tout ti siy rat bay 311 yon fason pou ka kontwole dega rat yo ap fè nan Pwopwiyetè moun.

[SOMERVILLEMA.GOV/RODENTCONTROL](http://SOMERVILLEMA.GOV/RODENTCONTROL)

